

Èske ou ta Renmen Aplike oswa Re-Sètifye pou Access-A-Ride?

Moun k ap aplike oswa kliyan k ap re-sètifye yo oblije ale nan yon sant evalyasyon, kòm yon pati nan pwosesis detèminasyon kalifikasyon Access-A-Ride (AAR). Selon sa ki disponib, evalyasyon an ka fèt swa nan yon sant nan minisipalite kote moun k ap aplike a oswa kliyan k ap re-sètifye a abite oswa nan nenpòt nan senk minisipalite vil New York yo.

Pwosedi sa a pèmèt AAR bay aplikan an estati kalifikasyon ki apwopriye a pi vit epi yon fason objektif.

Sof pou kliyan ki gen kondisyon tanporè yo, moun sa yo nou jwenn ki kalifye yo ap sèlman bezwen **re-aplike chak senk lane**.



1

Nan Sant Evalyasyon an

Lè yo ale nan yon sant evalyasyon, moun k ap aplike ak moun k ap re-sètifye pou AAR yo ap fè yon entèvyou pèsònèl ak yon pwofesyonèl swen sante epi l ap fè tès ki apwopriye.

Apre ou soti nan sant evalyasyon an, yon sètifikatè ap voye yon rapò evalyasyon bay ekip Kalifikasyon MTA New York City Transit la. Rapò sa a gen enfòmasyon yo kapab pa te note nan aplikasyon ou an ak/oswa ki te manke nan sètifika doktè ou a. Epi li bay yon ide ki pi klè sou kapasite w pou vwayaje.



2

Detèminasyon Kalifikasyon

Jan nou te di anvan an, rapò evalyasyon an pèmèt ekip NYC Kalifikasyon NYC Transit la bay moun k ap aplike ak kliyan k ap re-sètifye yo estati kalifikasyon ki apwopriye a.

Anba la a se yon lis kategori kalifikasyon:

1. Konplè
2. Kondisyonèl
3. Kontinyèl
4. Tanporè Konplè
5. Tanporè Kondisyonèl
6. Pa Kalifye

Pou jwenn plis enfòmasyon, ale sou sitwèb:
mta.info/nyct/paratran/guide.htm.



3

Kalifikasyon Kontinyèl

Nou pral konsidere kalifikasyon kontinyèl pou moun ki pa ka sèvis ak otobis oswa metwo NYC Transit yo nan okenn sikonstans epi/oswa pa gen anpil chans pou andikap yo a pa amelyore epi yo detèmine gen anpil chans pou li vin pi grav.

Kliyan ki gen kalifikasyon kontinyèl yo pa pral bezwen re-sètifye chak senk lane. Nou pral voye yon fòm bay kliyan sa yo ki mande pou mete enfòmasyon yo ajou chak senk lane pito.



4

Kit w ap aplike oswa re-sètifye pou AAR, rele 877-337-2017 (gratis pou areya kòd 212, 929, 718, 347, 516, 631, 646, 914, 917, 332 ak 845) oswa 718-393-4999 (nan lòt areya kòd yo). Moun ki soud/tande di yo kapab rele nan relè a. Gen sèvis entèprèt nan telefòn nan plizyè lang tou. Lè ou konekte sou AAR, ou ka peze “1” pou **angle** epi apresya peze “1” ankò pou kalifikasyon. Si ou pa peze “1” lè ou rele, ou pral tandè plizyè chwa pou lang yo: **Pou panyòl**, peze “2.” **Pou ris, chinwa, kreyòl, oswa koreyen**, peze “3”. **Pou tout lòt lang yo**, peze “4”. Ekip kalifikasyon an disponib ant 9 AM ak 5 PM, lendi jiska vandredi. Sof pou moun ki gen kalifikasyon tanporè yo, kliyan k ap re-sètifye yo ap resevwa yon avi pa lapòs konsènan pwosesis re-sètifikasyon an.

Si ou pa resevwa avi sa a, tanpri rele ekip Kalifikasyon an sis semèn anvan dat ekspirasyon AAR ou a pou kòmmande pwosesis re-sètifikasyon an.

Yo pral di moun yo dakò pou ale nan yon sant evalyasyon an yo pral resevwa yon aplikasyon ak yon lèt ki montre dat, lè, ak adrès randevou yo a ansanm ak enstriksyon sou fason pou pwograme yon deplasman ale retou nan sant evalyasyon an. Dokiman yo te sipoze rive nan apeprè senk jou.

Rele nou si ou pa resevwa dokiman sa yo.

Pa gen frè pou peye pou deplasman an pou fè ale-retou nan sant evalyasyon an.

Tanpri di ekip Kalifikasyon an si ou bezwen èd nan yon lang apade angle lè ou ale nan sant evalyasyon an. Epitou, di ekip la si ou bezwen deplase ak yon Èd Swen Pèsonèl (Personal Care Attendant, PCA). Yon PCA kapab yon fanmi, madanm, mari, zanmi, oswa moun k ap ba ou èd pwofesyonèl. PCA a ap monte gratis tou.

Desizyon

N ap pran yon desizyon sou kalifikasyon ou pou sèvis nan 21 jou oswa mwens apre ou te ale nan sant evalyasyon an. Siyo ba ou refi pou kalifikasyon oswa kalifikasyon kondisyonèl, ou gen dwa pou konteste desizyon kalifikasyon an **nan 60 jou oswa pi piti apre notifikasyon an**. Gen yon fòm kontestasyon ak enstriksyon ki vini ak lèt notifikasyon an.



**Fason pou
Aplike oswa
Re-Sètifye pou
Access-A-Ride
Sèvis Transpò
Adapte**